

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Manusa téh mahluk sosial. Minangka mahluk sosial, manusa teu bisa hirup nyorangan, perlu ku manusa sejenna. Pikeun interaksi papada manusa, diperlukan pakakas campur gaul nu disebut basa. Campur gaul papada manusa téh ngahasilkeun komunikasi. Dina komunikasi ditepikeun ide, gagasan, jeung kahayang ti panyatur ka pamiarsa.

Komunikasi biasana dilakukeun ku dua urang atawa leuwih, aya nu disebut panyatur jeung pamiarsa. Komunikasi dilakukeun pikeun nepikeun pesen atau informasi ti panyatur ka pamiarsa. Nalika panyatur nepikeun ideu, gagasan, pesen jeung informasi ka pamiarsa téh dilakukeun secara langsung. Ku kituna, dina komunikasi pasti aya “*perisiwa tutur*” atawa polah omongan dina hiji kontéks situasi omongan. Lumangsungna komunikasi ku ayana jejer omongan, waktu, tempat jeung kayaan nu tangtu, disebutna “*peristiwa tutur*” atawa polah omongan (Chaer, 2004:27).

Komunikasi basa bisa lumangsung secara vérbal (lisan) jeung non vérbal (tulisan). Komunikasi secara vérbal bisa kapanggih dina gunem-catur sapopoé, pidato, jeung sajabana. Ari komunikasi secara nonverbal bisa kapanggih dina novél, carpon, sajak, naskah, jeung sajabana. Upamana dina novél “*Sudagar Batik*”, prosés komunikasi nu kapnggih nyaéta ngaliwatan kalimah-kalimah nu ngawakilan kaayaan polah ucapan atawa polah omongan tina paguneman tokoh-tokohna.

Dina komunikasi, mindeng kajadian pasalia paham, sabab aya pesen atau informasi ti panyatur anu teu katarima secara bener ku pamiarsa. Nalika komunikasi, hiji jalma biasana ngagunakeun omongan pikeun nepikeun naon nu dirasakeun, ku kituna polah omongan atawa polah ucapan téh kaasup kana hiji hal nu penting dina komunikasi, sangkan moal aya pasalia paham dina komunikasi. Upama polah omongan atawa polah ucapan nu diucapkeun ku panyatur salah, pamiarsa ogé bisa salah napsirkeun, ahirna komunikasina teu lancar. Kitu ogé nu jadi pamiarsa, kudu bisa ngarti kana kondisi panyatur. Nalika ngadéngé omongan atawa caritaan, kudu ngalakukeun *decodeding* (maca sandi) tina éta omongan. Kitu

deui dina nyarita, panyatur kudu bisa ngalakukeun *encoding (menyandikan)* sora-sora basa dina nepikeun maksud atawa pesen omongan. Nalika napsirkeun hiji omongan atawa hiji bacaan tangtuna moal gampang, komo deui lamun éta jalma teu ngarti kana kondisi jeung kontéks omongan. Éta hal dipedar ku pragmatik. Pragmatik nyaéta hiji élmu anu ngulik ngeunaan kondisi basa manusa nu kontéks masarakatna geus ditangtuken. Ku kituna, polah omongan atawa polah ucapan ogé kaasup kana salahijji matéri nu diulik dina pragmatik, sabab dina polah omongan atawa polah ucapan ngabahas ngeunaan kontéks komunikasi.

Salasahiji ahli pragmatik, Austin nétilakeun yén laku basa atawa polah basa kabagi jadi tilu, nyaéta lakuning ucapan (*locutionary act*), lakuning gawé (*illocutionary act*), jeung lakuning rasa (*perlocutionary act*) (Rahmadani & Sinaga, 2019). Polah ucapan bisa diwujudkeun ku kecap pagawéan (vérba) nu nyoko kana tilu wanda, polah lokusi (vérba ngadadarkeun jeung ngawincik), polah ilokusi (vérba asértif, diréktif, komisif, éksprésif jeung rogatif), jeung polah perlokusi (vérba ngayakinkeun).

Ieu panalungtikan, leuwih museur kana polah ucapan komisif. Polah ucapan komisif miboga fungsi pikeun ngedalkeun jangji, tawaran, atawa pananya. Ieu polah ucapan miharep résponsi nu mangrupa jawaban atawa tindakan. Dina ieu panalungtikan, polah ucapan komisif ditalungtik ngagunakeun ulikan pragmatik, anu nyoko kana adegan polah ucapan komisif sarta cara pamiarsa dina nepikeun amanat atawa omongan sangkan bisa nyangking pesen atawa amanat nu dimaksud ku panyatur.

Panalungtikan ngeunaan polah ucapan komisif can kungsi dilakukeun, najan ari panalungtikan ngeunaan polah ucapan mah geus aya, diantarana waé “*Polah Ucap Basa Sunda dina Naskah Drama Nagri Katumbiri karya Nazarudin Azhar Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (Tilikian Pragmatik)*” (Yanti, 2017). Eusina medar ngeunaan wanda katut ma’na pragmatis polah ucapan dina naskah drama nu satulunya dijadikeun bahan ajar maca di SMA.

Panalungtikan séjenna ngeunaan polah ucapan, nyaéta “*Polah Ucap Diréktif jeung Éksprésif dina Novél Si Kabayan Jadi Dukun karya Moh. Ambri*” (Tia, 2018). Eusina ngulik ngeunaan wanda jeung ma’na pragmatis polah ucapan diréktif jeung éksprésif ogé adegan polah ucapan. Aya deui panalungtikan séjenna, nyaéta “*Polah*

Ucap Éksprésif dina Naskah Drama “tukang Asahan” Karya Wahyu Wibisana (Ulikan Semantik jeung Pragmatik)” (Siti Salisa, 2021). Eusina ngulik ngeunaan sipat jeung wujud (wanda pragmatis polah ucap).

Panalungtikan saméméhna mibanda sasaruaan sarta bédéaan jeung ieu panalungtikan. Panalungtikan saméméhna jeung ieu panalungtikan, duanana ngulik ngeunaan fungsi polah ucap, adegan polah ucap, sarta wanda pragmatis tina hiji polah ucap. Bédana mah nyaéta dina wangun polah ucap nu ditalungtikna, panalungtikan saméméhna ngulik ngeunaan polah ucap diréktif jeung éksprésif, sedengkeun ieu panalungtikan ngulik ngeunaan polah ucap komisif. Lian ti éta, sumber data nu dipaké pikeun panalungtikanna ogé bédé, nyaéta panalungtikan di luhur can aya nu ngagunakeun novél *Sudagar Batik*, ku kituna ieu panalungtikan nu dijudulan “Polah Ucap Komisif dina Novél Sudagar Batik karya Ahmad Bakri” masih kénéh perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Disawang tina kasang tukang tadi, nu jadi pasualan dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha wanda polah ucap komisif dina novél *Sudagar Batik* karya Ahmad Bakri?
- 2) Kumaha adegan polah ucap komisif dina novél *Sudagar Batik* karya Ahmad Bakri?
- 3) Ma’na polah ucap komisif naon waé nu kapanggih dina novél *Sudagar Batik* karya Ahmad Bakri?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan boga dua tujuan nyaéta, tujuan umum jeung tujuan husus. Sangkan leuwih jentré, masing-masing tujuan baris didadarkeun.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngajembaran tur nambahán pangaweruh ngeunaan polah ucap komisif ogé boga tujuan pikeun nganalisis tur ngajéntrékeun adegan, wanda jeung ma’na pragmatis tina kalimah-

kalimah nu ngandung polah ucapan komisif dina novél *Sudagar Batik* karya Ahmad Bakri.

1.3.2 Tujuan Husus

Anapan sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis jeung medar ngeunaan:

- 1) Wanda polah ucapan komisif nu kapanggih dina novél *Sudagar Batik* karya Ahmad Bakri;
- 2) adegan polah ucapan komisif dina novél *Sudagar Batik* karya Ahmad Bakri; jeung
- 3) ma'na polah ucapan komisif dina novél *Sudagar Batik* karya Ahmad Bakri.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan boga mangpaat tioritis nyaéta bisa nambah tur ngajembaran kaweruh ngeunaan polah ucapan komisif dina salahajiji karya sastra nyaéta novél, ogé dipiharep bisa ngeuyeuban katatabasaan basa Sunda, hususna dina widang pragmatis jeung sintaksis.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat praktis pikeun sababaraha pihak, di antarana:

- 1) Pikeun Masarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambah tur ngajembaran kaweruh ngeunaan polah ucapan komisif dina salahajiji karya sastra, bari dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.
- 2) Pikeun Guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun bahan pangajaran basa Sunda, hususna dina matéri paguneman.
- 3) Pikeun nu maca, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambah tur ngajembaran kaweruh ngeunaan polah ucapan komisif dina salahajiji karya sastra, bari dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

- 4) Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi rujukan nalika nalungtik adegan, wanda jeung ma'na pragmatis polah ucapan komisif dina salasahiji karya sastra, hususna dina ulikan sintaksis jeung pragmatis.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi ngawengku lima bab. Sistematika dina ieu laporan panalungtikan nyaéta saperti ieu.

Bab I Bubuka, eusina nyaéta kasang tukang panalungtikan, jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina nyaéta ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga tiori. Eusina medar téori nu aya hubunganna jeung panalungtikan. Sawatara tiori nu dipedar nyaéta ngeunaan polah ucapan komisif.

Bab III Métode Panalungtikan, eusina nyaéta désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosédur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngajelaskeun tur ngadéskripsikeun ngeunaan hasil tina analisis polah ucapan komisif dina novél *Sudagar Batik*, ditilik tina adeganna, wanda polah ucapna jeung ma'na pragmatisna.

Bab V Kacindekan jeung Saran, eusina nyaéta kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi.